# QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTANÍ «BOZUǴLAN»

(Dástannıń jıynalıwı hám baspadan shıǵarılıw máseleleri)

**Baysagatov Yusupbay**

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı, Nókis*

Kóp ásirlerden berli xalqımız arasında jırawlarımız tárepinen keńnen jırlanıp kelgen, xalqımızdıń eń bir súyip tıńlaytuǵın qaraqalpaq qaharmanlıq eposlarınıń biri-bul «Bozuǵlan» dástanı bolıp esaplanadı.

«Bozuǵlan» dástanın qaraqalpaq jırawlarınıń kópshiligi jırlaǵan bolsa da, óz waqtında jazıp alınbaǵanlıqtan, birqansha belgili jırawlarımızdıń atqarǵan nusqaları bizge shekem jetip kelmegen.

«Bozuǵlan» dástanı xalqımız tárepinen súyip tıńlanǵanlıqtan bolajaq jas jırawlarımızdıń da «Bozuǵlan»dıúyreniwge ıqlası júdá kúshli bolǵan. Sonlıqtan belgili qaraqalpaq xalıq jırawı Qıyas Qayratdinov, jıraw bolıw maqsetinde kóplegen jırawlarǵa: Dosımbet, Dosımbetten keyin Seyfulla, Seyfulladan keyinSeyfullanıń burıńǵı shákirti Begmurat jırawǵa shákirt boladı, sóytip júrip Qıyas jıraw «Bozuǵlan» dástanın 1925-jılı Espan degen ǵarrı jırawdan jazıp alıp úyrenedi.

«Bozuǵlan» dástanı xalqımız arasında qanshalıq belgili bolmasın eń dáslep ilimpazlarımız tárepinen jazıp alınıwı 1930-jıllardan keyin, anıǵıraq etip aytqanda 1931-jılı Qaraqalpaqstanda eń birinshi kompleksli ilim-izertlew institutı dúzilip, rayonlarǵa lingvistikaliq ekspediciyalar shólkemlestirilip, xalqımız arasınan etnografiya, til hám ádebiyat boyınsha materiallar jıynay baslaydı. Usı jılları folklordı jıynawǵa, basıp shıǵarıwǵa hám ilimiy maqalalar jazıwǵa N.Dáwqaraev, A.Begimov, Q.Ayımbetov, O.Kojurov, Á.Shamuratov, N.Japaqov t.b. aktiv qatnasadı.

Qaraqalpaq folklorınıń hám XX ásirdiń 20-jıllarına shekemgi shayırlardıń dóretpelerin xalıq arasınan jıynaw máselesine ilimiy mekemeler menen bir qatarda kóbirek kewil bólip, qızǵın jumıs alıp barǵan Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamı boladı. Olardan: A.Begimov, N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov, O.Kojurovlar usınday iygilikli islerge basshılıq etedi. Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamınıń tikkeley basshılıǵında hám materiallıq kómek etiwi nátiyjesinde bul áhmiyetli jumısqa jergilikli qánigelerden biraz adamlar qatnasadı.

Olardıń ishinde ayrıqsha kózge túskenleri, belgili folklor hám ádebiyat úlgilerin jıynawshılar Sádirbay Máwlenov hám Shámshet Xojaniyazovlar boladı [Maqsetov Q., 1989. –96]. Usı jıllardıń ishinde jigirmadan aslam eposlıq shıgarmalar jazıp alınıp, «Alpamıs», «Edige», «Máspatsha», «Qırq qız» dástanları baspadan shıǵarıladı. Bul nárse sol dáwirde islegen ilimpazlarımızdıń úlken miynetleriniń jemisleri boldı.

Mine, usı jılları «Bozuǵlan» dástanınıńeń birinshi variantı 1938-jılı Shımbay rayonında turıwshı Ábdireyim jıraw Álpeney ulınan Xojamurat Tájimuratov hám

Kamal Ábibullaevlar tárepinen jazıp alınadı [Qaraqalpaq folklorı., 1989. – 5 b]. (Dástan latın grafikasında kólemi 3000 qatar).

Dástannıń bul variantın J.Mamraev 1940-jılı baspaǵa tayarlaydı, biraq urıstıń baslanıp ketiwine baylanıslı baspadan shıqpay qaladı. Usı jılları basqa qaraqalpaq xalıq dástanlarınan: «Sháryar», «Er Qosay» sıyaqlı dástanları da Qaraqalpaqstan til-ádebiyat institutı ilimiy xızmetkerleri tárepinen tayarlanǵan menen urıs sebepli baspada járiyalanbay qaladı [Sagitov I., 1986. –17 b]. Urıstıń baslanıp ketiwi folklorlıq materiallardıń jıynalıwına da óziniń keri tásirin tiygizip, ol jumıslar da waqtınsha toqtap qaladı. Biraq degen menen usı jılları folklordıń xalıq arasında geypara janrları qayta tiklenedi. Mısalı: Dástanlardı atqarıw kóbirek janlanadı. Qaraqalpaq baqsı-jırawları xalqımızdıń ásirler boyında dóretken qaharmanlıq dástanların tariyxıy jaǵday talabına ılayıq jırlay baslaydı.

Usı jılları jıraw-baqsılar óz aldına brigada dúzip, frontqa atlanatuǵın jawıngerlerimizge miynetkeshlerdiń ruwxın kóteriw maqsetinde hárqıylı jırlardan esittiredi. Xalıqtıń ótkendegi batırlardıń, olardıń dushpanǵa qarsı gúrestegi mártliklerin jırlaydı. Mısalı: Esemurat jıraw, Qıyas jıraw, Eshan baqsılar Shımbay, Kegeyli, Qaraózek, Taxtakópirde Qarajan baqsı, Moynaqta Japaq baqsı, Qurbanbay jırawlar respublika kóleminde xalıqtıń qaharmanlıq dástanların sheberlik penen atqarıp júredi.

1959-jıldıń aqırında házirgi Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń Qaraqalpaqstan filialı dúziledi. Usı filialdıń dúziliwi Qaraqalpaqstanda ilimniń rawajlanıwında úlken burılıs jasaydı. Bul jańadan dúzilgen filialdıń quramındagı tariyx, til hám ádebiyat institutınıń qasında óz aldına qaraqalpaq folklorı sektorı shólkemlestiriledi. Bul sektordı basqarıwdı Q.Maqsetov óz basshılıǵına aladı. Q.Maqsetov basshılıǵında Q.Mámbetnazarov, B.Hákimniyazov, O.Erpolatov, X.Álimov, A.Jamalov, J.Ábdikerimov, M.Nızamatdinov, keyinirek Á.Tájimuratov, T.Niyetullaev, J.Xoshniyazov, K.Ernazarovlar kelip qosıladı.

Folklor sektorınıń aldına úsh úlken wazıypa júklenedi: Xalıqtıń arasınan folklor materialların jıynaw, folklor tekstlerin basıp shıǵarıw hám qaraqalpaq folklorı boyınsha izertlew jazıw hám olardı baspa sózde járiyalap barıw. Usı waqıtqa shekem folklor dóretpeleriniń ayırımlarınıń tek bir variantın jıynaw dástúr bolǵan bolsa, endi olardıń múmkin bolǵanınsha barlıq variantların hám ulıwma qaraqalpaq folklorınıń burın jazılmaǵan barlıq janrdaǵi túrlerin jazıp alıwdı aldına maqset etip qoyadı.

Úsh-tórt jıldıń ishinde qaraqalpaq folklorınıń hárqıylı janrlarınan bay materiallar jıynaladı. Usılardan dástanlardı bólip alǵanda 1959-jılı Q.Mámbetnazarov tárepinen «Bozuǵlan» dástanınıń Qıyas jıraw variantı hám Q.Maqsetov, Q.Mámbetnazarov penen birge 1960-jılı Qayıpnazar jıraw Qálimbetov variantı hám basqa da dástanlar jazıp alınıp, Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń Qaraqalpaqstan filialınıń qoljazbalar fondına tapsırıladı [Maqsetov Q. 1996. –42]. Q.Mámbetnazarov tárepinen jazıp

alınǵan «Bozuǵlan» dástanınıń Qıyas jıraw variantı birinshi ret Nókiste «Qaraqalpaqstan» baspasında qaraqalpaq tilinde Q.Maqsetov hám Q.Mámbetnazarovlardıń baspaǵa tayarlawında 1961-jılı baspadan shıǵarıladı. Hám sonıń menen birge «Qaraqalpaq folklorı» kóp tomlıǵınıń XIX tomına belgili qaraqalpaq jırawı Q.Qayratdinovtıń atqarǵan dástanların: «Gúlistan», «Qızpalwan», «Qaraman» dástanları menen birgelikte «Bozuǵlan» dástanında qayta ekinshi márte baspaga jiberiledi [Qaraqalpaq folklorı., 1989. –12].

XXI ásirdiń baslarında mámleketimizde ilimge degen kózqaras ózgerdi. Sebebi, usı jılları Grant tiykarında ilimiy jumıslar alıp barıldı. Mine, usıjılları qaraqalpaqstan ilimler akademiyasında da úlken tariyxıy waqıya júz berdi.

Sebebi, f.i.d., professor Sarıgúl Bahadırovanıń baslaması menen usı instituttiń ilimiy xızmetkerleri menen birgelikte «Qaraqalpaq folklorı» 100 tomlıǵın baspadan shıǵarıw jumısları: Azat, erkin eldiń Watanımızdıń kúsh-qúdiretin bunnan bılayda arttırıw, ata-babalarımızdan miyras bolıp kiyatırǵan ruwxıy qádiriyatlarımızǵa jańasha názer taslap, olardıń mol múmkinshiliklerinen elimizdiń keleshegi ushın paydalanıw, milliysana-sezimlerimizdi bayıtıp, milliyligimizdi tereńirek ańlaw, insanlardı birinshi náwbette, jas áwladtı tuwılıp ósken Watanǵa, xalıqqa sadıqlıq ruwxında tárbiyalaw jolındaǵı jańa qádemdi baslap berdi. Dástanlardıń burın baspadan shıqqan variantlarında dinge baylanıslı qatarlar alıp taslanıp, ózgertilgen bolsa, usı qısqartılǵan tekstleri qoljazba tiykarında qayta tiklendi.

Mine, usı jılları OzRIAQB N.Dáwqaraev atındaǵı til hám ádebiyat ilim-izertlew institutındaǵı folklor tarawına tiyisli qoljazbalardıńbarlıǵı derlik saralanıp alınıp baspadan shıqtı, sonday-aq magnit lentaǵa jazdırılǵan miyraslarımızda zamanagóy disklerge jazıp kóshirildi. Mine, usı waqıtta qaraqalpaq xalıq dástanı «Bozuǵlan» dástanınıń burın baspadan shıqpaǵan Qayıpnazar jıraw Qálimbetov variantıda 2010-jılı «Ilim» baspası tárepinen qaraqalpaq folklori 100 tomlıǵınıń XVII tomında baspadan shıǵadı [Qaraqalpaq folklorı., 2010. – 213]. Usınday qaraqalpaq dástanlarınıń tolıǵı menen barlıq variantlarınıń jarıqqa shıǵıwı, bul folkloristlerimizdiń dıqqat itibarın qaratıp, izertlew jumıslarınıń obektine aylandı hám mektep sabaqlıqlarına kirgizildi [Ábdinazimov Sh., Abdiev A., Tańirbergenov J., 2019. – 6].

Juwmaqlap aytqanda qaraqalpaq qaharmanlıq dástanı «Bozuǵlan» kóp ásirlerden berli elimiz arasında keńnen jırlanıp, xalqımızdıń ruwxıy dúnyasın kóterip kelgen hám házirgi zaman jasların da ruwxlandırıp turatuǵın, Watandı súyiwge, jigerli bolıwǵa tarbiyalaytuǵın dástan.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Maqsetov Q. Qaraqalpaq folkloristikası. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 1989.
2. Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq. XIX tom. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 1989.

3. Sagitov I.T.Qaraqalpaq xalqınıń qaharmanlıq eposı. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 1986.

4. Maqsetov Q. Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri. – Nókis: Bilim, 1996.

5. Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq. 14-26-tomlar. – Nókis: Ilim, 2010.

6. Ábdinazimov Sh., Abdiev A., Tańirbergenov J. Qaraqalpaq tili. 10-klass ushın sabaqlıq. –Nokis: Qaraqalpaqstan, 2019.; MámbetovK., Palımbetov K. Ádebiyat (8-klass ushın sabaqlıq).– Nókis: Bilim, 2019.